**BERUNIY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230200, Beruniy tumani, Beruniy kuchasi, r/u*

**BERUNIY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*230200, Beruniy, Beruniy street, wn/h*

Tel: 55-102-40-63 e-mail: i.beruniy@sud.uz

# Өзбекстан Республикасы атынан
# ҲАЛ ҚЫЛЫЎ ҚАРАР

Беруний районы 2022-жыл 11-май 4-2302-2202/818-санлы ис

Беруний районлар аралық экономикалық судының судьясы Қ.О.Хожамуратов басшылығында, судья жәрдемшиси С.Кучкаровтың хаткерлигинде, даўагер ўәкили [redacted] (2022-жыл 11-май күнги 143-санлы исеним хат)тың қатнасыўында, Өзбекстан Саўда-санаат Палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасының даўагер «[redacted]иң мәпин қорғап, оның пайдасына жуўапкер «[redacted]» фермер хожалығынан 3 605 020 сўм тийкарғы қарызын ҳәм 1 802 510 сўм пеня өндириўди сораған даўа арзасына тийкар қозғатылған экономикалық исти судтың өз имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Өзбекстан Саўда-санаат Палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (кейинги орынларда – Палата) даўагер «[redacted] (кейинги орынларда – даўагер) мәпинде экономикалық судқа даўа арза менен мүрәжат етип, оның пайдасына жуўапкер [redacted] (кейинги орынларда – жуўапкер)нан 3 605 020 сўм тийкарғы қарызын ҳәм 1 802 510 сўм пеня өндириўди сораған.

Өзбекстан Саўда-санаат Палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы даўа арзасында исти өз ўәкилисиз көриўди сорағанлығы себепли суд исти оның қатнасыўысыз көрип шығыўды лазым тапты.

Даўагер ўәкили суд мәжилисинде даўа талапларын қоллап-қуўатлап, жуўапкер тәрепинен шәртнама бойынша алынған миннетлемелери бузылғанлығын, жеткерип берилген минерал төгинлер ушын жуўапкер тәрепинен 3 605 020 сўм қарызы бүгинги күнге дейин төленбегенлигин билдирип, даўа арзаны толық қанаатландырыўды сорады.

Жуўапкер ўәкили суд мәжилисине келмеди ҳәм өзиниң жазба пикирин усынбады. Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, жуўапкер көрсетилген мәнзилде жасамайтуғынлығы себепли судтың уйғарыўы жуўапкерге тапсырылмаған ҳәм бул ҳаққында почта бөлими судты хабардар қылған.

Суд даўа арзаны қабыллаў, ис қозғатыў ҳәм исти суд мәжилисинде көриўге таярлаў ҳаққындағы судтың уйғарыўы жуўапкердиң судқа мәлим болған ақырғы жайласқан жери бойынша жиберилгенлигин есапқа алып, исти Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси

(кейинги орынларда – ЭПК) 128 ҳәм 170-статьяларына муўапық жуўапкер ўәкилиниң қатнасыўысыз көрип шығыўды лазым тапты.

**Суд даўагер ўәкилиниң түсиниклерин тыңлап ҳәмде истеги ҳүжжетлерге ҳуқықый баҳа берип, төмендеги жағдайларға тийкарланып даўа арзаны қысман қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда – ПК) 8 ҳәм 234-статьяларына тийкар миннетлемелер шәртнамадан, зыян жеткизиў нәтийжесинде ҳәмде усы Кодексте көрсетилген басқа тийкарлардан келип шығады.

Бул жағдайда тәреплердиң миннетлемелери өним жеткерип бериў шәртнамасынан келип шыққан.

ПКниң 437-статьясына тийкар өним жеткизип бериў шәртнамасына муўапық исбилерменлик пенен шуғылланып атырған өним жеткизип бериўши – сатыўшы шәртлесилген мүддетте яки мүддетлерде өзи ислеп шығаратуғын ямаса сатып алатуғын товарларды сатып алыўшыға исбилерменлик хызметинде пайдалныў ушын яки жеке, шаңарақ мақсетлеринде, күндекли турмыста ҳәм соған уқсас басқа мақсетлерде пайдаланыў менен байланыслы болмаған басқа мақсетлерде пайдаланыў ушын тапсырыў, сатып алыўшы болса товарларды қабыл қылыў ҳәм олардың ҳақысын төлеў миннетлемесин алады.

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, тәреплер ортасында мәмлекет буйыртпасы бойынша аўыл хожалығы кәрханаларына минерал төгинлер, өсимликлерди химиялық ҳәм биологиялық қорғаў қураллары ҳәм басқа химиялық өнимлерди жеткизип бериў шәртнамасы дүзилген.

Шәртнама бойынша алынған миннетлемелерди орынлаў мақсетинде даўагер тәрепинен жуўапкерге минерал төгинлер жеткизип берилген.

Бирақ жуўапкер тәрепинен шәртнама шәртлери толық орынланбастан, жеткизип берилген минерал төгинлер ушын 3 605 020 сўмы бүгинги күнге дейин төлеп берилмеген.

Булар истеги шәртнама, есап-фактура, салыстырыў акти ҳәм басқа да ҳүжжетлер менен тастыйықланады.

ПКниң 236-статьясына муўапық миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық, бундай шәртлер ҳәм талаплар болмағанда ис қатнасықлары яки әдеттеги қойылатуғын басқа талапларға муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек.

Сонлықтан, суд даўа талабын толық қанаатландырыўды, жуўапкерден даўагердиң пайдасына 3 605 020 сўм тийкарғы қарызын өндириўди мақул тапты.

Соның менен бирге, суд даўагердиң жуўапкерден 1 802 510 сўм пеня өндириў ҳаққындағы талабы да тийкарлы деп есаплайды.

Себеби Өзбекстан Республикасы «Хожалық жүритиўши субъектлердиң шәртнамалық-ҳуқықый базасы ҳаққында»ғы Нызамының 32-статьясында жеткерип берилген товарлар (ислер, хызметлер) ҳақысын өз ўақтында төлемегенлик ушын сатып алыўшы (буйыртпашы) жеткерип бериўшиге кешиктирилген ҳәр бир күн ушын төленбеген сумманың 0,4 пайызы муғдарында, лекин 50 пайызынан артық болмаған муғдарда пеня төлейтуғынлығы көрсетилген.

Жуўапкер тәрепинен минера төгинлер ушын төлемлер белгиленген мүддетте толық әмелге асырылмастан, бүгинги күнге дейин кешиктирилип келинген.

ПК 333-статьясының биринши бөлимине муўапық қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын, егер нызам ҳүжжетлеринде яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленген болмаса, жуўап береди деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды Пленумының 2007-жыл 15-июнь күнги «Миннетлемелерди орынламағанлық яки лазым дәрежеде орынламағанлық ушын мүлкий жуўапкершилик туўрысындағы пуқаралық нызам ҳүжжетлерин қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 163-санлы қарарының 4-бәнди бойынша ПКниң 326-статьясына муўапық суд қарыздар тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, миннетлемеде қатнасыўшы тәреплердиң мүлкий аўҳалын, сондай-ақ кредитордың мәпин итибарға алып, неустойка муғдарын кемейтиўге ҳақылы екенлиги көрсетилген.

Суд, жуўапкер тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, пеняның толық өндирилиўи жуўапкердиң экономикалық жағдайына кери тәсир көрсететуғынлығын ҳәмде даўагердиң мәплерин итибарға алып, өндирилиўи тийис болған 1 802 510 сўм пеняны 20 пайызға, яғный 360 502 сўмға қанаатландырыўды, қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды лазым тапты.

Буннан тысқары, ЭПК 118-статьясының биринши, екинши ҳәм алтыншы бөлимлерине муўапық суд қәрежетлери исте қатнасыўшы шахслардың қанаатландырылған даўа талаплары муғдарына муўапық түрде олардың мойнына жүклетиледи.

Ҳал қылыў қарары өз пайдасына шығарылған тәрепке ис бойынша қылынған барлық суд қәрежетлериниң орны, ҳәттеки басқа тәреп мәмлекетлик бажыны төлеўден азат етилген болса да усы басқа тәреп есабынан қапланады.

Егер даўагер тәрепинен билдирилген неустойканы өндириў ҳаққындағы талап тийкарлы болып, бирақ оның муғдары нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ҳуқықтан пайдаланылған ҳалда суд тәрепинен кемейтирилген болса, суд қәрежетлериниң кемейтирилиўи есапқа алынбаған ҳалда өндирилиўи лазым болған неустойка суммасынан келип шыққан ҳалда, суд қәрежетлери жуўапкердиң мойнына жүклетилиўи лазым.

Өзбекстан Республикасының «Мәмлекетлик бажы ҳаққында»ғы Нызамына қосымша қылынған Мәмлекетлик бажы ставкалары муғдарларының 2-бәнди «а» киши бәндинде мүлкий түске ийе даўа арзалар ушын даўа баҳасының 2 пайызы муғдарында, бирақ базалық есаплаў муғдарының 1 есесинен кем болмаған муғдарда мәмлекетлик бажы ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Президиумының 2018-жыл 25-октябрьдеги РС-59-18-санлы қарарында барлық ислер бойынша базалық есаплаў муғдарының 8 пайызы муғдарында почта қәрежети төленетуғынлығы көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 17-августтеги «Ис ҳақи, пенсиялар, стипендиялар ҳәм напақалар муғдарын асырыў

ҳаққында»ғы Нызамының орынланыуын тәмийинлеў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПФ-6279-санлы Пәрманына тийкар 2021-жыл 1-сентябрьден баслап базалық есаплаў муғдары 270 000 сўм етип белгиленген.

Даўагер тәрепинен ис бойынша алдыннан 2022-жыл 29-март күнги 27740024-санлы квитанция менен 21 600 сўм почта қәрежети төленген.

Сол себепли, суд жуўапкерден республика бюджетине 270 000 сўм мәмлекетлик бажы ҳәм даўагер пайдасына 21 600 сўм почта қәрежетин өдириўди лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

Даўа арза қысман қанаатландырылсын.

Жуўапкер «[redacted] даўагер «[redacted] пайдасына 3 605 020 сўм тийкарғы қарызы ҳәм 360 502 сўм пеня, жәми 3 965 522 сўм, сондай-ақ ис ушын төленген 21 600 сўм почта қәрежети өндирилсин.

Даўаның қалған бөлеги қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер [redacted]» фермер хожалығынан республика бюджетине 270 000 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Ҳал қылыў қарары қабыл етилгеннен кейин бир айлық мүддет өткеннен соң нызамлы күшине киреди.

Ҳал қылыў қарары нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хатлар берилсин.

Ҳал қылыў қарары үстинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына бир ай мүддет ишинде апелляциялық тәртипте арза (прокурор протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Қ.О.Хожамуратов**